

**(Lyen Lakay) Inite 2: Zanmi: Semèn 5**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou an pral aprann sou zanmitay. Eseye owmen twa nan aktivite aprantisaj amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo w chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochèn. **AMIZE NI!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u> (Anrapò ak <i>Hooray a Piñata</i>)</p> <p>Istwa Lè w Te Piti:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Rakonte pitit ou sa w te konn fè ak zanmi w yo lè w te piti. • Mande pitit ou an pou l desine oswa rakonte w yon istwa sou yon bagay li renmen fè ak zanmi pa l yo li menm. <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki bagay ou plis renmen fè ak zanmi w? • Ki kote prefere w ou renmen jwe ak zanmi w? 	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Sa a se yon chante pitit ou dwe abitye avè l.</p> <p style="text-align: center;">Five Green and Speckled Frogs</p> <p>Five Green and speckled frogs, Sat on a speckled log, Eating some most delicious bugs. YUM! YUM! (<i>Pawòl pale</i>) One frog jumped in the pool, where it was nice and cool. Now there are only four green and speckled frogs. GLUB! GLUB! (<i>Pawòl pale</i>)</p> <p style="text-align: center;"><i>Repete jiskaske pa gen okenn krapo ki rete sou bwa a ankò.</i></p>
<p style="text-align: center;"><u>Pale e Li Ansanm (20 minit)</u></p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki pati w pi renmen nan istwa a? • Ki premye bagay ki pase nan istwa a? • Ki sa w panse ki ka rive aprè? 	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Mwen wè: Lonmen non fòm yon bagay nan chanm nan (pa egzanp “mwen wè yon bagay ki se yon gwo rektang”). Fè pitit ou devine bagay la oswa fòm nan w ap panse a. Chak moun ap pran tou pa yo pou yo nonmen epi devine fòm yo.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konbyen bò li genyen? • Kòman w fè konn sa? • Kòman w fè konnen l se yon _____?

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou zanmi!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv nou sijere:

Friends, ekriyen: Helme Heine
Chester's Way, ekriyen: Kevin Henkes
Jamaica Tag Along, ekriyen: Juanita Havill

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Tag-along** vle di mache dèyè yon moun san ke l pa t envite w.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se ki jan **Jamaica** te santi li lòske frè l la pa t kite l jwe?”